РагІдукь хутІараб гьунаралъул хІакъалъулъ 2

ТІоцевесев дунялалъул чемпион

Зульфия ХІажиева 5

ГІунтІизабураб гІайибги гьечІони, больницаялдаса нахъе щай виччаларев?

Закир МухІамадов 5

Миллат

www.millat.ru

ДУЦА КЪУВАТАЛЪЕ РОРХУГЕ КВЕРАЛ, КУМЕКИН АХІДОЛЕБ БУГО МИСКИНЛЪИ

Р. ХІамзатов

№14 (14) 9 сентябрь 2011 сон МАГІАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА

редакторасул калам

Демократия къанщиялда бан

Цебехун «Миллат» газеталъ хъван букІараб гьеб праймериз абулеб жо ахирги щибали лъана. Праймериз лъугІун рагІула Дагъистаналда. Нилъеда гьеб щибали лъалелде, лъай бугел гІадал хІакимзабаз иргадулаб болжалалъ Пачалихъияб Думаялде ине кколел чагІи рищун руго.



! Дагъистаналъул хІакимзабазда кигІан экономика лъазабеян ахІи баниги, гьел математикаялде руссун рукІуна. Москваялъги гьеб математикаялъул хІасилазухъ балагьун кьола къимат бакІалъул хІакимзабазе.

«Единая Россия» партиялъул сайталда далун руго гьел нилъедаса балъго гьарун рукІарал хІасилал. Гьеб сияхІалда даларал чагІазда гьоркьоса рихьизаризе рагІула парламенталде депутаталги. ГІезегІан хиса-басиял кколел ругеб гІадинаб хІисаб буго праймеризалъул хІасилазухъ балагьун. Депутаталлъун щал унел ругелали жакъа лъалин абизе бегьула. Президентгун спикерги,вице-премьерги нахъе вахъун, тІаса гъоркье сияхІазде кколев анцІго чи руго «нилъеца» кьурал гьаркьаз рищарал кандидаталин бичІчІизабуна цо хъахІаб рукъалъул рагьтІа женжедулев чияс. Светлана Журова абулей гІаданалъул цІакъ хІурмат гьабулеб рагІула дагъистанияз. Гьелда Дагъистан картаялда кибехун кколебалигІаги лъаладай? Жакъасеб Россиялъул рищиязул къагІидаялда кандидат абурав чи рагІула депутат. Гьелги рищулел руго Дагъистаналъул президентас ва гьесда сверухъ ругел чагІаз. Нилъеда абизе буго 4 абилеб декабралда «Единая Россия» партия бищизе рачІаян, гьеб ишалъулъги халкъалъул «пикруялъе» кумек гьабизе кидаго эхетун рукІина районазул бутІрул ва бакІалъул рищиязул комиссиял. Цо-цо суалазулъ республикаялъулазги жубай - бахъиял гьарила. Дагъистаналъул хІакимзабазда кигІан экономика лъазабеян ахІи баниги, гьел математикаялде руссун рукІуна. Москваялъги гьеб математикаялъул хІасилазухъ балагьун кьола къимат бакІалъул хІакимзабазе. ХІасил калам, баркула дагъистаниязда нилъер пикруялда тІад хІакимзабаз босараб ракІ чІараб бергьенлъи. ГІезегІан хиса-басиял кколел руго, масала, исана нилъеда лъана праймериз щиб жояли, гьебги лъугІун хадуб. ЦІиял депутатаз дагьаб жойищ ургъилеб нилъее? ТІоцебе нилъеца баркала кьезе ккола гІарцул къандалъабигун росабалъ кандидатал хьвадиялъе ахир лъурав Путин Владимир Владимировичасе. ЦохІо бакІалде къандалъо ккезабун камиллъулеб суалалъе, щибизе гІадада харжал гьарун. Гьебго баркала такрар гьабизе ккола гьесул нухда хІетІ таричІого, улка бачунев Медведев Дмитрий абулев чиясе, президент вугин гьеван рагІана.

Баркала кьезе ккола нилъерго МухІамадсаламие, Москваялъул нухда свери гьечІого, сагІат гІадин витІун хІалтІулев вугев. Рамазание, ХІажие ва цогидал яхІ бугел гІадал магІарулазе. Цеве гьев кІигояс рищиязде унел ругин гъалмагъирал гьарун рукІана, заманаялъ гьабураб тавбу гІадаб жо гьечІо политикасе. ХІажимурад ГІумаровасе кьезе ккола баркала, кигІан Жириновскияс Дагъистан каканиги кІудияб гІурус халкъалдехун вацлъиялъулаб бербалагьиги цІунун, ЛДПР партиялъе гьаркьал ралагьиялъухъ. КватІилелде баркала кье нужерго районазул бутІрузе, нилъедехун бугеб бестІал инсулаб тІалабалъухъ, праймеризалда кканиги, рищиял ругониги гьез нилъер рахъалдаса кьурал ва кьезе ругел гьаркьазухъ. «Миллат» газеталъ ракІ бекун зигара балеб буго заман щвелалдего нилъедаса демократия батІалъиялда хурхун халкъалдаги, гьеб къанщиялъул хІасилалда Пачалихъияб Думаялъул депутатлъи тІаде ккарал «халкъалъул» вакилзабаздаги. Гьеб демократия абураб мунагьал рахчад Россиялда ургьибго дагьаб сакъатаб лъугьана.

Халат бахъараб унтудаса хадуб, исана хаслихъе Дагъистаналда гьеб къадаралде щвана.

(Инна ли Ллагьи...)

ЗахІматал шартІалищ яги политикайищ ?

Ахираб заманалда Унсоколо районалъул Шамилхъалаялдаса росдал бетІер ХІусенов МухІамадида тІасан бачІунеб буго гІарзазулги кагьтазулги цІад. Иргадулал рищиязе цебегосеб политикайищ, ялъуни хІехьезе захІматаб хІакъикъатищ абураб суал нилъеца рагьила нужер кагьтазул ва живго МухІамадил жавабаздалъун. Нижехъе рачІунел гІарзазда рехсолел руго поселокалда ругел гІузраби, гьечІел шартІал, рищни-къулазул гохІалъул, хІалтІуда ватуларев бегавуласул ва гІемераб цогидалъулги.

Бокьараб пикруялъе бакІ кьела, амма жидерго цІар газеталда хъвазе хІинкъарал цІалдолездехун кинаб пикру «Миллаталъул» букІине кколебали лъаларо.

Кинабгоги хІисабалде босун иргадулаб «Миллат» газеталда кьолеб буго Шамилхъала поселокалъул бетІер ХІусенов МухІамадилгун гара-чІвари. Нужер суалал ратани, ритІе редакциялде ялъуни **bisav@mail.ru** адресалде.

ХІурматгун редактор.

Кавказалде гьужумал – Россия биххиялъе тІоцересел галаби



◆ МухІамад ГІабдулхІабиров
Дагъистаналъул ЖамгІияб Палатаялъул член

Кавказиял – гІалхулал ва вахІшияб халкъ. Гьеб пикру лъугьана жакъасеб Россиялда тІадагьал ва хІалихьатал политиказда гьоркьоб бищунго машгьураблъун. Гьеб къецалъулъ, тІад калам тун, тІоцебесеб бакІ кколеб, буго Россиялъул вице-спикер В. Жириновскияс. ГІемер миллатазулаб пачалихъалда миллатчилъи ва шовинизм тІибитІизабиялъухъ бокьараб цебе тІураб улкаялъ гьесие парламеталда гуреб, туснахърокъоб кьелаан бакІ. Амма Россиялда иш батІайиса буго, Тютчевас абухъе, гьеб гІакълуялъ бичІчІизе кІолеб улка бихьуларо. Гьес гьересигенераласул ва гъоркьпалугьанасул гІемерисел тІахьал, макъалаби ва кІалъаял руго кавказияздехун гІалхулаб рокьукълъи загьир гьабурал. Ва кидаго гьел пикраби загьир гьарула Россиялъул ва гІурус халкъалъул пикраби гІадин.

Бищунго гІажаиблъи гьабизе ккараб жо – гьев кавказиял тушманлъун гьарурав бахІарчиясул партиялъул вакилзаби руго киналго Шималияб Кавказалъул республикабазда. Депутатасул мандаталъе гІоло гьезул цо-цоял хІадур руго эбел йичизецин. Гьеб Талейранил къагІида хІажат рагІула жакъасеб Кавказалъе.

Кабардино-Балкариялъул парламенталда ЛДПРалъул фракцияцин бугин рагІана.

⇨2

КАВКАЗАЛДЕ ГЬУЖУМАЛ – Россия бихxиялъе тIоцересел галаби

⇨1 МахIачхъала бакьулъ цо багIараб кирпичалъул гьундузда тIад парпадулеб бихьана ЛДПРалъул байрахъ. «Лъил гьел рорхатал кавабаз сверун къарал гьундул?» абун гьикъана. «Кинавалиго даранчиясул, цеве вукIарав Думаялъул депутатасул» -ин жаваб бачIана. Дие бицана МахIачхъалаялде щварав Вольфовичасе меседил сагIат кьеялъулги.

МахIачхъалаялда цIакъ урхъарал гьалбал рагIула Б.Моисеев ва В.Жириновский.

Нилъ гьеб даражаялде рахунищ, ялъуни гьенире рещтIунищ?

РакIалда буго Д.Дудаевас кьураб танчидаса чIухIун гьеб бихьизабун гьес гьабулеб букIараб рецц. Гьев «юристасул васас» кавказияздаса цIунулеб буго ахирал анцI-анцI саназ гIурус халкъ.

Лъицаниги Думаялда гьев чIезавизе кIоларо, живго Б.Грызлов гьесул пикруялда рекъонищ, яги гьесдаса хIинкъунищали вуцIцIун чIола.

Жириновскиясул Кавказалде бугеб рокьукълъиялъ ракIалде щвезабула Гитлерил жугьутIаздехун букIараб бербалагьи. Гьелъие гIилла ва хIасилал нилъеда тарихалдаса лъала. Дос инсанияталде рокьукълъи загьир гьабураб цохIо «Майн Камф» тIехь биччана, гьебги туснахъалъув вукIаго, гIурусазул фюрерас эркенлъуда вукIаго нус-нус кавказиязде рокьукълъи ва гIурусазде рокьи загьир гьабурал риччалел руго. Гьеб кинабго бахъулеб буго жакъасеб Россиялда, гьелъул магIна ккола жакъасеб Россиялда тушманлъи къиматалда бугин ва гьеб тIибитIизабулеб гIарац бугин.

Дие Кавказгун Россия кIиялго рокьула, амма дун ракI-ракIалъ гурхIула жакъа ЛДПРалъе гьаркьал кьолел кавказиязда ва гIурусазда. Россия буго жакъа цIакъ загIипаб, коррупциялъги, гьакълицаги, наркотиказги, гьеб гIечIого миллатчилъиялъги кверде босраб улка. Россиялъул бечелъи унеб буго къватIибе. Гьеб бихxизаби жакъа захIматаб иш гуро, гьелъие аслияб квербакъи гьабулеб буго шовинистазги, миллатчагIазги, коррупциялъги, гьакълицагун наркотиказги. ЦIуни гьабизе лъикIан улкаялъе гьел ахIтIохъабаздаса ва ахIмакъзабаздаса. Россия гьакълица чIвалеб буго. Гьаниб бищунго ссиялда буго сураралщинал пишаби.

Чи чIвай – щибаб къойил лъугьа-бахъин, пачалихъалъул казна бикъи – норма. Гьеб киналдаго тIаде миллатчилъиги. Хасго кIудияб тIокIлъи гьеб ишалъулъ бихьизабуна «Пусть говорят» передачаялдаса Андрей Малаховас Расул Мирзаевасде гьужумал гьарулаго. Гьеб «кIвар бугеб» ишалъул цевехъанлъун передачаялда вукIана нахъойги Вольфович.

Гьениб лъугьа-бахъаралъул хIакъикъат лъалелде Жирикил ва цо кьарияв адвокатасул хIацIу букIана студиялда боржунеб, «ургъунго» Расулица чIварав Иванил рахъалъ бицунаго.

Кин чIвалев ургъунго тIоцеве вихьарав чи? Малаховас цIакъ хIаракат бахъулеб букIана Расул чIвадарухъанлъун вихьизавизе, экраналда лъураб сураталъухъ балагьун. ХIалихьатаб прием. Россиялъул ва Кавказалъул нух цоцахъе нухда тIугьдуз бацараб букIинчIо. Ишазулъ ва рагIабалъ кIиязулго рахъалдаса букIине ккола жавабчилъи.

«Кавказалде рокьи загьир гьаби нилъер заманаялда модаялда гьечIо» — ян абуна «Русская волна» каналалъул шефредактор Августина Герберица. «Гьаб сагIаталда модаялда гьечIо Кавказалъул миллаталъул вакиллъун вукIине, амма дун кидаго чIухIула гьеб цогидазда релълъинчIеб халкъалдаса цоявлъун вукIиналъ» — ин абуна скульптор Михаил Шемякиница.

Жириновщина абураб унтудаса рорчIизе кIвани, Кавказалъе ва Россиялъе цадахъаб нух бигьалъилаан.

Итоги Общенародного праймериз по Республике Дагестан



	ФИО кандидата	Основное место работы или службы, занимаемая должность	Субъект выдвижения кандидатуры	Ко-во полученных голосов
1	МАГОМЕДОВ Магомедсалам Магомедалиевич	Президент Республики Дагестан	ДРО ВПП «Единая Россия»	4067
2	МАГОМЕДОВ Магомед-Султан Байболатович	Председатель Народного Собрания Республики Дагестан	ДРО ВПП «Единая Россия»	3482
3	АБДУЛАТИПОВ Рамазан Гаджимурадович	Ректор Московского государственного университета культуры и искусств	ДРО ВПП «Единая Россия»	2932
4	КЕРИМОВ Сулейман Абусаидович	Член Совета Федерации РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2915
5	КУРБАНОВ Ризван Даниялович	1-ый заместитель Председателя Правительства РД	ДРО ВПП «Единая Россия»	2912
6	ГАДЖИЕВ Магомед Тажудинович	Депутат ГД ФС РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2884
7	ШИХСАИДОВ Хизри Исаевич	Депутат ГД ФС РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2494
8	ГАСАНОВ Магомедкади Набиевич	Депутат ГД ФС РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2408
9	БИЛАЛОВ Ахмед Гаджиевич	Председатель Совета директоров ОАО «Курорты Северного Кавказа»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2383
10	ЖУРОВА Светлана Сергеевна	Зам. председателя ГД ФС РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2373
11	САФАРАЛИЕВ Гаджимет Керимович	Заместитель председателя Комитета по образованию ГД ФС РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2356
12	МАХАЧЕВ Гаджи Нухиевич	Постоянный представитель РД при Президенте РФ, г. Москва	ДРО ВПП «Единая Россия»	2354
13	АБАСОВ Мамед Магарамович	Президент ООО «Монолит-холдинг»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2345
14	ГАДЖИЕВ Мурад Станиславович	Директор ОАО «Дербентский коньячный комбинат»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2337
15	УМАХАНОВ Умахан Магомедгаджиевич	Генеральный директор «Инвестфинанс»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2323
16	БАЛАШОВ Балаш	Генеральный директор ОАО «РАС»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2299
17	ОМАРОВ Гаджимурад Заирбекович	МФОКПК им Р. Гамзатова, Генеральный директор	ДРО Фонд «Наш Дагестан»	2286
18	ЯКОВЛЕВ Игорь Николаевич	Старший советник ООО «Ивиэйч»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2263
19	ОМАРОВ Чупалав Алиевич	Генеральный директор ООО «Ространс – Юг»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2237
20	АЛИЕВ Магомедсултан Темирханович	Западно-Каспийское территориальное управление Росрыболовства, зам. руководителя	Торгово-промышленная палата РД.	2234
21	АМИРИЛАЕВ Адам Баширович	Депутат ГД ФС РФ	ДРО ВПП «Единая Россия»	2231
22	ИСАЕВ Игорь Михайлович	Зам. директора ООО «Охранное агентство «Гонкорд»	ДРО ВПП «Единая Россия»	2220
23	МАНАРОВ Муса Хираманович	Депутат ГД ФС РФ	ДРОО «Мир Кавказу»	2012
24	ОМАРОВ Магомедрасул Магомедалиевич	ГУ «Дагавтодор», начальник	ДРОО «Мир Кавказу»	1783
25	МУРТАЗАЛИЕВ Сагид Магомедович	Отделение ПФ РФ по РД, Управляющий	ДРОБФ «им.	1770
26	АСКЕНДЕРОВ Заур Асевович	Вице-президент группы компаний «Алвиса»	ДРО ВПП «Единая Россия»	1759
27	АБДУЛЛАЕВ Магомед Имранович	Председатель Правительства Р. Д.	ДРО ВПП «Единая Россия»	1734
28	АБРАМКИНА Марина Владимировна	Председатель комитета Народного Собрания Республики Дагестан	ДРОБФ «им.	1667
29	ХАДУЛАЕВ Магомед Мутаевич	Председатель правления ДРО ООО «Российский Союз ветеранов Афганистана»	ДРО ООО	1622
30	МАГОМЕДОВ Абдулла Абдуллаевич	Председатель Объединения организаций профсоюзов РД.		1497

МухIамад
БисавгIалиев

Зарал гьечIеб пиша

Дихъе телефоналъ кIалъалев хъвадарухъанас бицунеб жоялдаса дихъе кквезе щвараб цохIо пикру букIана – дуда лъаларин, кигIан гьунар бугев чи дун вугевали абураб пикру.

— Дир, тIолалго рикIкIун, къогоялде гIагарун тIехь буго, нужеца къимат кьезе кколев чи гуро дун, – ин абуна гьев чияс. Къого тIехь… Абизе бегьичIо гьев чиясда МахIмудил цо гурони тIехь гьечIин, ЧIанкIал, Инхоса ГIалихIажиясул гьечIин. Советияб пачалихъалъ кьун букIун буго гьев чиясе мун поэт вугин абураб книжка. Амма гьесда мун гьунар, бугев вугин советияб пачалихъалъ абичIо, поэт вугин абураб книжкаги кьун, партия беццизе тIамуна. Гьунарал ратIа рахъулаан доб пачалихъалъ. Гьунар я борхулаан, хутIарал хадур гъолареб хIалалъ, яги туснахъалъуб тIамулаан,

Пачалихъ биххана. Дида кколаан гьанже загьирлъилин хIакъикъиял гьунарал ва халкъалъ тIаса рищилин лъикIал поэтал абун. Жиндирго хIакъалъулъ кIудияб пикру бугел щинал цере тIолел руго. Замана бачIана халкъалъ къимат кьолеб гуреб, живго поэтас биццатаб тIехьги биччан, цевеги вахъун жиндир гьунар бугин бичIчIизабулеб. Халкъ буго нилъер кутакалда сахаватаб. Поэтас цевеги вахъун абула дир къого тIехь биччанин, дун поэт гурони щивха кколевин. Халкъалъ абула цойги тIехь хъвани, гьесие халкъияв поэт абураб цIар кьезе кколеб батулин, иргаялда цереги рахъун байбихьула веццизе.

гъанкъулаан. Халкъалда лъалаан туснахъалъуб бугебги, Кремлиялда тирулебги – кIиябго гьунар букIин. ГIадада щибго букIунарелъул. ХутIаразул рукIана поэтасул книжкаби ва гьоркьохъел кучIдул.

Пачалихъ биххана. Дида кколаан гьанже загьирлъилин хIакъикъиял гьунарал ва халкъалъ тIаса рищилин лъикIал поэтал абун. Жиндирго хIакъалъулъ кIудияб пикру бугел щинал цере тIолел руго. Замана бачIана халкъалъ къимат кьолеб гуреб, живго поэтас биццатаб тIехьги биччан, цевеги вахъун жиндир гьунар бугин бичIчIизабулеб. Халкъ буго нилъер кутакалда сахаватаб.

Поэтас цевеги вахъун абула дир къого тIехь биччанин, дун поэт гурони щивха кколевин. Халкъалъ абула цойги тIехь хъвани, гьесие халкъияв поэт абураб цIар кьезе кколеб батулин, иргаялда цереги рахъун байбихьула веццизе. Гьев чи божула живго гьунар бугев поэт вукIиналда, хадур гьесул куц-бегIалъухъ, вагъа-вакариялъухъ хал гьабун гIадамалги божула. Гьесгун гIадамаз гьарулел жал ричIчIуларев, цониги тIехь цIаличIев, ХъахIаб рокъов вугев цо хIакимас гьесие Халкъияв поэт абураб цIар кьола. Гьесдаса мисал босун киналго хъвадарулел чагIаз байбихьула риццатал ва гIемерал тIахьал хъвазе, гьезиеги бокьун буго халкъияллъун рахъине. ХIукумат гьезде регIун гьечIо, я жанир тIамуларо, я Кремлиялде ритIуларо.

Бищунго риццатал тIахьал хъварал ва гIемер юбилеял гьарурал гIадал чагIазе цIар кьола, кьуниги щиб гьебан. Кинабго кIалагъоркье чIвана нилъер, ахирал соназда. Хъвадарухъаби руго - асарал гьечIо, поэтал руго - цониги халкъалъ къабул гьабураб цIияб кечI гьечIо. ГIадамал гьел ругез хъвалеб ва цIалулелъухъ гIенеккун хадур, тIокIаб тIехьго кодобе босулареб хIалалда руго. Бищунго гьунар гьечIелгIан поэтазул тIахьазул жилдалги цIвакарал руго, кагъатги багьаяб буго, жаниб я халкъияв поэтасул, яги гIелмабазул докторасул цебергIиги буго.

Гьеб темаялда хабар ккейдал дир цо гьудулас абуна, зарал гьечIин, рукIа абеян. Зарал гьезул батиларо, амма хайир гьечIеблъиги хIакъаб жо буго. Дица гIемерал пишаязул хал гьабуна, амма цохIо поэтал ратана я зарал, я хайир гуреб пишаялъул чагIи. Щиб зарал букIинеб пуланав поэтас жиндие мун йокьулин, дун щай вокьуларевин хъвараб кочIол? Я хъварасе зарал гуро, я цIаларасе гуро, цIаличIого тарасеги щиб зарал гьелъул букIинеб? Квешав тохтирасул буго зарал, учителасул буго, летчикасул буго, хьитазул устарасулцин буго, поэтасул гьечIо. Нилъер заманалда поэтал лъугьана бищунго зарал гьечIеб пишаялъул махщелчагIилъун. Гьеб цохIо нилъер заманалъул масъала батиларо, гIурус адабияталъул тарихалда «меседил гIасру», — ян цIар тараб заманалда поэтасул рахъалъ хъвана М.Лермонтовас:

«В наш век изнеженный, не так ли ты, поэт,
Свое утратил назначенье,
На злато, променяв ту власть, которой свет
Внимал в немом благоговенье?»

Цебесеб къадруги билун, къеда далун хутIараб хонжрода релъинавуна шагIир, жиндир заманалда М.Лермонтовас. Нилъер заманалдаги гьебго хIал бугин ккола поэтасул, амма пайда щиб гьелъул рахъалъ хъвазе Лермонтов гьечIо нилъер адабияталда. Цоцазе рецц гьабулел поэталги руго, гьез бицунеб бичIчIуларого халкъги буго.



◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

КIиго батIияб Дагъистан

Жакъа дир ватIаналда ракIалде щвезавулев вуго кIудияв шагIирги гьесул «къункърабиги». Гьедин «боржун унеб къункърабазул тIелалъухъ пашманго зодихъ балагьизе» рачIунел гьалбалги руго. Ругинха жал адинал, мугIрулги ругин жидер, Расулица хъвавухъе, кутакал, жалгоги ругин жал чIухIарал, лъиениги къуркьуларелин кIалдиб полоп бан маргьаби рицунел хIакимзабиги, гьезда тIад рекъезабулел хъвадарулебщинаб агьлуги буго.

Гьезда гIайиб щиб, исана риидал гIорхъи бахун къватIиехун ккедал, диегогицин лъугьун букIана гьединаб асар. Дагъистанияй йикIин бициндал, хIурматияб публикаялда цеве вахъунев дикломаторас кинигин, гьаракьги рекъезабун,

Жиде-жидер президентаздаги политиказдаги тIад релъулел рукIана гьел. Нилъеца нилъерго анир гIемер рицунел абундачал гьезие рицине гьесун-гьесун дунгоги йикIана. Амма бажаричIо. ШагIирас «квал-квал гьабуна»

къадруяб хасиятги гьабун, Белоруссиялъул журналист Михаил Бартосикица дидехун щурана гьал мухъал:

Мне здаецца часам, што салдаты,
З крывавых ня прыйшлі палёў,
Не ў зямлю гэтую палеглі калі-тое,
А ператварыліся ў белых жураўлёў.

ГIезегIан ракI согIай гIаданин дицаго дунго рикIкIаниги, хIалалъ ккуна дица магIу. Каранзуниб гьунеб хIал букIинчIо рекIелги. Кинха букIинеб, «къункърабаздаса» хадуб Бартосикица жеги чанго кечIги рикIкIиндал нилъер хIакъалъулъ шагIирас хъвараб. Гьелдаса хадур сордо иналъе абундачал рицунел рукIана чанго батIияб улкаялдаса рачIарал журналистал. Жиде-жидер президентаздаги политиказдаги тIад релъулел рукIана гьел. Нилъеца нилъерго анир гIемер рицунел абундачал гьезие рицине гьесун-гьесун дунгоги йикIана. Амма бажаричIо. ШагIирас «квал-квал гьабуна». КIал рагьизе хIадурулелъул щибаб нухалда ракIалде щолаан Бартосикица рикIкIарал кучIдуздаса хадуй цIаюцIарай дунгоги, хIайранлъун дихъ балагьун хутIарал махщелцоялги (гьел хIайранлъун рукIанин кколеб бугоха дида).

Гьебго хIал батиларищха гьанже нилъеразулги. Дагъистан Расулица кочIолъ беццараб гIадаб букIиналда гьалбал божизаризе бокьунилан гIайиб гьабизе бегьиладай гьезда?

Бегьилароан, жакъа нилъер ватIан кIудияв шагIирас 1999 соналда **«это не мой Дагестан»** ин абураб хIалалде ккун букIинчIебани:

Дун нилъер соназухъ валагьун вуго,
Саву кьун босараб кьавудахъ гIадин,
Хал гьабун вуго дун Дагъистаналъухъ
Дирищ гьаб, чиярищ?Лъазе кIоларо.

«Къункърабазда» цадахъго ина гьалбалги, байрам хисун тIаде щвела нилъее хасал операциязулгун хъамалчилъиялъулги, лагъилъиялъулгун хIелхIелиялъулги, ришватчагIазулгун гьардухъабазулги пашманаб хIакъикъатги...

Цебесеб «Миллат» газеталъул номералда нижеца бахъун букIана журналист Идрисов МухIамадица гIалимчи МухIамадрасул МухIумаевасул рахъалъ кьурал ракIалдещвеял. Гьебго макъалаялда Идрисовас рехсон вугоан цевехун нижеда рагIичIев Гумбет районалъул Гьарадерихъ росулъа шагIир ГIабдулпатахI абурав чиясул цIар. Щвана гьесул чанго кечIги, битIахъе ракI гъанцIизабулеб асар гьабулеб буго гьесул шигIрабалъ репрессиязул къорикье ккарал магIарулазул сураталъ. Щив чи колев Гьарадерихъа ГIабдулпатахI? Кин хутIарав гьаб пасихIлъиялъул ва гьунаралъул чи аваразда гьоркьов машгьурлъичIого? Кинал чваххияз гьесие нух къараб цIалдолезухъе жиндир шигIраби щвезаризе? Суалазул рахас лъугьунеб буго. «Миллат» газеталъ ва гьелъул гьудулзабаз гъеж гуризе буго гьеб бахчун хутIараб гьунар аваразухъе тIад буссинабизе. Гьелъие тIоцебесеб гали тIамуна Идрисов МухIамадица. МухIамадрасул МухIумаевасул къисматалъул бицунаго рагьана нилъее поэт ГIабдулпатахIги.

РЕДАКТОР

ракIалде щвеязул щенон балеб цIад

РАГIДУКЬ ХУТIАРАБ ГЬУНАРАЛЪУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ

◆ **МухIамад ИДРИСОВ**
журналист

«Ва ахиралда, МухIамадрасулил рухI боххун букIиналъе, бокьун буго гьесул цо аманатги тIубазабизе. Араб гIасруялъул 90 - абилел соназул авалалда гьес кIудияб хIаракат бахъулеб букIана 30-абилел соназул къурбаназе МахIачхъала ва Каспийск шагьаразда гьоркьоб бакIалда, ралъдал рагIалда репрессияз чIварал ракIалдещвеялъул мемориал базе.

— Гьел салул гохIазда тIад тIавап гьабула доб гIасияб заманалъул зулмуялде гъоркье карал аза-азар гIадамазул рухIаз, – илан абуна МухIамадрасулица. Гьаб буго Дагъистаналъул кIиабилеб Катынь.

Гьеб мурадалда МухIамадрасулица чанго сапар гьабуна Москваялде, гьев дандчIвана жиндирго гьудул академик Сахаровгун, инсанасул ихтиярал цIуниялъул гIуцIабазул гIемерал церехъабигун, гелана Дагъистаналъул ламуразул (чиновниказул) рагьа-махIаби. Амма СССР биххун хадубги тIадчилъиялда хутIараб коммунистазул къапилаялъ гьеб иш рагIалде бахъине биччачIо.

— Кинаб гIасилъи дол салул гохIазулъ бахчун бугебали лъазе,МухIамад, дуца цIале Гьарадерихъа шагIир Ибрагьимил ГIабдулпатIахIил «Заманалъул сухъмахъал» абураб тIехь. Воре, радиоялдаса цIале, рес рекъани, казияталдаги бахъе, – ян гьарана гьес дида. ГIемер мех бана гьеб тIехь балагьулаго. Ахир–къадги, гьебги босун радиоялде вачIана нижер вукIарав мухбир,Игьалиса Хасавюрталда чIарав жамагIатчи, мунагьал чураяв ГIабдусамадил МухIамад. ТIехьалъул автор ГIабдулпатахI ватана бечедаб мацIалъул, рекIелъе бортулеб пасихIаб каламалъул, пагьму-гьунар бугев шагIир. Доб заманалда гьединазул къимат гьабулеб букIинчIо, гьаб жакъаго гIадин. Нижеца дол салул гохIазул хIакъалъулъ кечI радиоялдаса кьуна, амма дирго тохлъиялъ гьанжелъизегIан бахъичIого хутIана. Жакъа, аваразул цIияб «Миллат» казияталъ кьолеб буго доб пашманаб тарихалъулги, гIайиб гьечIого чIварал гIадамазулги, гьезул рахъалъ пасихIал асарал хъварав шагIирасулги бицине рес.

МУХIАМАД Идрисов, журналист.

Гъоркьехун бахъулеб буго Гьарадерихъа ГIабдулпатахIил репрессиязул кIичIикье ккарал гъаримал магIарулазул хIакъалъулъ хъвараб кIиго кечI.

Тамашаяб хабар

Гьаб хабар бицана Гумбет районалдаса цо логода ворхатав чияс 1962 соналъ.

Гьаб МахIачхъалаялъул ралъдал рагIалда ругел
ЧК-ялъул подвалахъ туснахъалде ккана дун.
Лъеберабилел соназ туснахъал хIалтIизарун
Нижеца бараб буго башдаб шагьар доб мехалъ,
Туснахъ гьарун рукIана мискинал магIарулал,
МацIихъабазул гIарзаз гIайиб гьечIого ккурал.
Совет хIукуматалде квешаб рагIи абунин,
Каммунистаз гIарзал кьун, гIадада жанир лъурал.
Щибаб сордоялъ рачун къогогIан чи унаан,
Къваридаб камералде киналго гьел руссинчIо.
Гьересийищ уябищ мухIканлъи лъалароан,
Амма гьел чIвалел рукIин балъгояблъун букIинчIо.
Гьури гIодой биччараб карачел гьечIеб радал
Ралъдал рагIалде щвани багIарлъун батулаан...
Бункерилан цIар бугеб гьениб букIараб гьабихъ
Туснахъал ххунел ругин хабар камулароан.
Цо пуланаб сордоялъ дунги чамго гьалмагъги
ЧК-ялъул хIакимас допросалде ахIана.
Дида щибго лъалареб — «гIайибги» гIунтIизабун
МукIурлъеян кIалгьикъун кIвараб хIалалъ вухана.
Кинха чи мукIурлъилев букIинчIеб гIайибалъе!
Кин рагIанин абилеб рагIичIеб гIинги тIад тун!?
Гьедин гIакъуба кьеялъ гIемерав чи холаан.
Цо-цояв гьересиго гьенир «мукIурлъулаан».
Гьенисан ятабалде ритIулейилан абун,
Босун нижерго къайгун, цо рокъоре рачана.
Гьенир гIодор рукIине бакIал рукIинчIолъиялъ.
ГIицIаб чIарбида кIусун кIигоявги ватана.
Гьебсагlат ниж кIусараб чIабарги гъоркьа тIагIун.
ТIатIалаго речIчIана цо къвакIараб маххуда.
Дун цо букIнилъ букIараб
картIиниб килщалги къан
Жаниве вортичIого гьенив далун хутIана.
Дир тIолго гьалмагъзаби «гьабица» гъурун ралеб.
Гъвар-гъвариялъ рекIеда
ругънал лъун лъай босана,
Лъавуде вачIун хадуб хал-шал гьабураб мехалъ.
Бункералъул цо бокIнилъ рекIухъе хутIун вуго.
Баккун бачIунеб моцIрол канлъи тIаде щвечIого.
Конвойги нахъ буссун ун дун рагIдукь кьерун вуго,
Гьабизе жо, лъачIого лъикIалан заманаялъ
Гьеб бакIалда кьерухъе кьуричIого вукIана.
Гъурун дир гьалмагълъигун гьеб сагIат къотIун ана,
Вихьулев рагIулелъув, гIадан гьенив гьечIоан,
ГIисин ккун карачелаз бачунеб наку гуреб.
Чиясе жиндирго рухI цIакъ хирияб жо буго
Хвезе бокьулев гIадан гIемер ватизе гьечIо.
ХвечIого хутIиялда ракI чIун букIинчIониги,
ЦIорораб ралъдал лъелълъе
хъвараб ккаян кIанцIана.
КIварабгIан рикIкIадегIан лъедон рагIалде щвана,
РагIалда цо хъощ батун гьелда жанив лъугьана.
Жанив хъаравул гьечIо, хъабарча далун буго.
Биччараб ретIел бахъун хъабарча тIад жемана.
Черхалъул сири къотIун дагьав хинлъун лъугьана.
Хал гьабун квал-квадидал спичка, кодой щвана.
Газета тIад жемараб чадил кесек батана,
Чорхолъе, махIабалъе рухI бачIун гIадин ккана.
Гьенисан до чали-чIван унев вукIарав дида
Азбаралда бакъвазе бараб ретIел батана.
Гьениса ретIелги щун Россиялде лъутана,
БатIияб цIаралда гъоркь гьениб къого сон бана.
Гьале тIад вуссун хадуб,
Мишал МухIамад лълъвана.
Документал, цIаги гъун, цIергIадин рухIун рана.
Дун хунилан гIодарал гIагарал-божараца
Хабалъа вахъун щведал рохалил магIу тIуна.
Гьанже ургъараб мехалъ цо-цо хиял гьабула
Щайдай дун хвасарлъарав
хвалдасайилан ккола.
Дие пенсия гьечIо. Хьихьизе лъимал гьечIо,
Лъаларо кидалъагIан гIумру дий бугебали.
ГIемерго кватIичIого конец ккезе батани,
Дунго вукъизе гIураб гIарацни кодоб буго.
1962.

Мадугьал Сергей

Нижер мадугьалихъ Чириюрталда
Чупринин абулев гIурусав вуго.
ГIемераб мехалда ралел бакIазда
Экскаваторщиклъун хIалтIулев вуго.
ХIалтIи лъугIун хадуб, выходной къоялъ
Гьекъезе бокьулеб хасият буго.
Хеккого кеплъулев, хабар бицине
Цогидав толарев товарищ вуго.
Гьекъолеб мехалъги цо живго гурев
Цадахъ компания гIуцIизе буго.
Цадахъ гьекъезе чи рокъов щвечIони,
Босун поллитрагун вачIине вуго.
Цо къоялъ дир рукъоб, гьекъараб гIужалъ
Дун гIажаиблъана гьес бицаралда.
Гьереси батилин щаклъизе ккани,
Щибниги букIинчIо элъие гIилла.
— «Двигатель-строй» бакъбаккул рагIал
Дун гьенив хIалтIана бульдозеристлъун.
Дица кьучI бухъичIеб, подвал бахъичIеб
Балеб бакI букIинчIо ралъдал рагIалда.
Цо нухалда, сардилъ вахъине гьавун,
Бухъизе тIамуна тIуцабго цо щоб.
Щалайгин салиги ралъдалъе цвине
Цадахъго тIамуна ункъо бульдозер.
НКВД-ялъул охранзабаца
ТIаде вачIунев чи гьукъун вукIана.
КъватIир рахъунгеян кабиналъуса
Кинасего нижей приказ букIана.
Щиб жо цунаниги карачалабаз
Кваналеб букIана гьеб лахIзаталде.
ЛахIчIегIераб сардилъ
согIаб ралъдалъе
Свак тун цун балаан биччараб кIкIабатI.
Гьеб щобда гъоркь гьабун
подвал батана
Щунусго метрагIан халалъи бугеб.
Хал гьабураб мехалъ гьелъул гIеблъуда
Щуго-анлъго метра батилин тана.
Подвал цIун бугоан жаназабазул,
Цоял турун хварал рукьби хутIарал,
Цоял халалъухъе, цоял гIеблъухъе,
Анлъго гъат бугоан тIатIала сокIун.
Гьурмада бугоан чIегIерклуяб рас,
ЧIаго гIадин вуго цо-цояв хутIун.
Хухун, тIутIун арал тIахьил гьарурал
ТIимгъалги тIагъралги ругоан хIулун.
Берда рихьарабго лъана нижеда
Дагъистаналъул халкъ
гьеб букIараблъи.
Гьеб кинабго цадахъ цун бульдозераз
Бана ралъдал тIинде рогьел лъалелде.
Лъаларо чамго чи гьенив вукIарав
Чамго азарго чи вукъараб цо хоб...
Херал магIарулал, гIайибго гьечIел,
ГIадада чIвана нуж НКВД-ялъ".
Лъеберадла ичIилъ адрес биларал
Гьеле нужер адрес ралъдал тIиналда!
Рукъизе нуж щвечIо гIагаразухъе,
ЧчугIбузе щун руго рукьби хъарсине.
Нужой суд гьабичIо, сибир къотIичIо,
Къасде рачун ана «Черный вороналъ»,
Нужер хабар лъачIо лъидаго щибго,
Я лъазеги гьечIо гьеб киданитги.
Кин лъалеб гьеб хабар?!
Балъго чIван лъурал,
Балъго, сардилъ рачун,
ралъдалъе рарал!
Нужер гьаб ракьалда лъакIал хутIичIо,
ХутIичIо кибниги кагътида хъван хIарп.
Нуж мацIихъабазул хъубал мацIаца
РацIцIад ругониги «хъублъизаруна».
Хъубал законазул бетIергьабаца
БитIун рукIаниги «гьетIизаруна».
Щиб нужода гIайиб? ГIараб цIалийищ?
ГIелму доб мехалда цоги букIинчIо.
Нужоца бикъичIо. Нужоца чIвачIо.
Нуж хIурияталда данде рагъичIо.
Дида нуж рихьула гIараб цIалулел,
ГIадамал гуккизе мурадлъун гуреб —
Нужорго ракI чIараб дин бацIцIалъизе
Даимго шаргIиял шагьра-нухазда.
Нужер гьел нухазда къорал гъуразда
Къиямасеб къоялъ дир ракI гурхIула...
Дунялалда тIадги ракI бохун гIумру
БукIунгутIиялда тIубан ракI чIола.

1969.

◆ Зульфия ХIАЖИЕВА

Цогидал дагъистаниял рахичIеб борхалъи

ТIадеялъул Лондоналда тIобитIизесеб Олимпиадаялде ине рес щванин абизе бегьула ТIагьир ХIайбулаевасе. Гьал къоязда Парижалда дзюдоялъул рахъалъ дунялалъулго чемпионлъун вахъана гьев. Финалалда гьес къезавуна Казахстаналдаса Максим Раков. ТIагьир вуго Дагъистаналъул тIоцевесев дзюдоялъул рахъалъ дунялалъул чемпион. ГьабсагIаталда ТIагьир хIадурулев вуго тIасияб соналъул апрелалда Челябинскалда тIобитIизесеб чемпионаталде.

ТIагьир ХIайбулаев жиндирго тренерасул кабинеталъул кIалтIа

Абизе ккола хас гьабун Максим Раковасдаса бергьине кколаанин ТIагьир ХIайбулаев. Щайгурелъул цевеккун лъабго нухалда къезавун вукIиндал гьес гьев. Масала, кIиго соналъ цебе Роттердамалда тIобитIулеб дунялалъул чемпионаталда, гьединго кIвар бугел цогидал турниразда ги. Гьединлъидал Раковасдаса бергьине рес гьечIин абураб пикру щулалъун букIун батила ТIагьирилъ. Амма гьаб нухалъ Аллагьас кумек гьабунин жиндиеян абуна гьес.

Парижалда анцIазарго чи гIодов чIолеб «Берсси» абулеб комплексалда тIобитIараб чемпионаталда гIахьалльана дунялалъул кIинусиде гIагарун улкаялдаса дзюдоистал. Бищун къуватал спортсменал Японияялдаса, Кореялдаса, Бразилияялдаса, Франциялдаса, Россияялдаса, Голландияялдаса рукIанин бицана ТIагьирица: **«Дир цIайияялда (100 кг.) цеве вахъана 67 спортсмен. Бищун гIемер рукIана 73 кг. бугел дзюдоистал – 98 чи. Щибаб улкаялдаса гIагашагарго кIи-кIи чи. Олимпиадаялда цебе тIобитIулеб ахирисеб чемпионат букIинги хIисабалде босун, гьенире бищун къуватал спортсменал рачIун рукIанин абизе бегьула».** ТIагьирил умумул ЦIумада районалъул Лъондодаса ккола. Гьезул хъизан цо заманалда Гъизилюрталда букIана гIумру гьабун. Анлъго сон баралдаса нахъе гугариялде хьвадулев ТIагьирги вукIана гьенив. Гьес 11 сон байдал, гьезул хъизан Самараялде гочана. Гьенив ТIагьир дзюдоялде хьвадизе лъугьана. Гугариги жибго тун гьес дзюдо тIаса бищаралдаса ана 16 сон.

Гьал къоязда Дагъистаналде щварав ТIагьир дандчIвана республикаялъул журналисталгун. Дзюдоистал хIадур гьариялъул рахъалъ Дагъистаналдаги Россияялдаги гьоркьоб кинаб батIалъи бугебин гьез гьикъидал, ТIагьирица жаваб кьуна нилъеразе хъата-масан дандияв гIодов лъезе щваралдаса батIалъи букIунарин, гьанир тренераз гьел аслияб куцалда гьелъие ругьун гьарулин. Дозул тренераз спортсменал ругьун гьарулин дандиясда хадуб халкквезе, гьез гьаризе рес бугел приемалги цереккунго лъазарун, гьел нахъчIвазе. Щибаб тренировкаги сборалги рахъулила камераялде, гьелдасан бихьизабулила спортсменасда киб бакIалда жив мекъи кколев, кив жив витIарав вугевали.

! Дзюдоистал хIадур гьариялъул рахъалъ Дагъистаналдаги Россияялдаги гьоркьоб кинаб батIалъи бугебин гьез гьикъидал, ТIагьирица жаваб кьуна нилъеразе хъата-масан дандияв гIодов лъезе щваралдаса батIалъи букIунарин, гьанир тренераз гьел аслияб куцалда гьелъие ругьун гьарулин. Дозул тренераз спортсменал ругьун гьарулин дандиясда хадуб халкквезе, гьез гьаризе рес бугел приемалги цереккунго лъазарун, гьел нахъчIвазе.
Щибаб тренировкаги сборалги рахъулила камераялде, гьелдасан бихьизабулила спортсменасда киб бакIалда жив мекъи кколев, кив жив витIарав вугевали.

«Миллаталде» кагьат

«Миллаталъул» хIурматияв раис БисавгIалиев МухIаммад, ассаламугIалайкум!

Гьарула Дуда – хаду-хадуб дир цIаралда хъатIулеб жо казияталда лъолеб бугони, гьенибго гьеб духъе битIарав чиясул хIакъикъияб (ургъун бахъараб гуро) цIар ва телефон бихьизабе. Кварщизе кодорего щоларел гьел щайтIабаз гьабулеб «игра в одни ворота» дида чIалгIун буго!

1990 абилелдаса нахъе араб къогогIан соналъ тIаделъарал тIутIазул цо цIакъ чанкIкIараб тайпа кинго тIаса бичIчIуларого вуго дун. Гьез хъвалебги, бицунебги жоялда жаниве ваккун валагьарав чиясда якъинго бихьулеб буго, цого цо гIадалкъапаялъул цого цо хъатIалъул чагIи гьел рукIин. Гьеле гьезго доб 1999 абилеб соналъул лъугьа-бахъиназда хурхун дида лъурабщинаб бугьтанха, бицанщинаб гьересиха! КIиго-лъабго дирго гьидалъесдаги гьедигIанасевго сугьралъесдаги бажарана лъабго миллионалде къадар гIагарлъараб Дагъистаналъул тIолабго халкъ цохIо гьезул кIалдисан кIалъалеб бугеблъун ккезабизе. Дица гьанир рехселаан гьезул цIарал. Бегьулеб гьечIо – чIагоязда гьоркьор хутIичIо гьел. «О покойниках только хорошо или ничего», — ян абулеб рагIула гIурусазгицин. Аллагь гурхIаги гьезул рухIазда!

Дуде саламгун
ГIадалло ГIали Барзек

РЕДАКЦИЯЛЪУЛ РАХЪАЛДАСА:

ХIурматияв ГIадалло, мун тIоцеве Дагъистаналда багьарараб демократияб чваххиялъе кьучI лъурал чагIаздаса цояв вукIинги хIисабалде босун, цензура рихарав чи вукIинги лъан, лъолел рукIана нижеца цо-цо дур цIаралда хъатIулел ругониги цIалдолезул пикраби. Руго гьенир гIисинал кагьтида росизе гIечIел бакIалги, рагIуе эркенлъи кьеялъул принцип цIунизеян, гьеб тайпаялъул хъвайхъвагIаял кьун дагьалго ниж гIисинлъарал бакIалги ратана. Иргадулал номеразда кинабго хIисабалде босила ва дуе суалал ругел чагIи ГIанжи-аркаялде мунгун накъиталъе ритIизе хIукму гьабуна «Миллаталъ».

Гьал къоязда басмаялда бахъун къватIибе бачIана ГIадалло ГIали Барзекил данде росарал асаразул анцIабилебги том. Гьеб гIуцIарав журналист Идирисил МухIаммадица жиндирго цеберагIиялда хъвалеб буго гьадин: **«Гьале шагIирасул анцIабилеб томги нижехъа ахир-къадги мужалатазда жанибе бакIаризе кIвана. Гьеб гIуцIарав дунги, гьелъие редакторлъи гьабурав Гъази-МухIаммадов ГIали-Султанги, живго ГIадаллоги гIодорги чIун дандбараб мехалъ, бахIсалде ккечIого хутIичIо ниж. Цо-цо макъалаби, кагьтал, хасго суалал-жавабал томалда жанире рачичIого тани лъикI букIинаанинхаян загьир гьабураб нижер пикру шагIирас нахъчIвана. Гьес абуна цIалдолезда цеве жив вахъун чIезе ккола Аллагьас кинав гьавун ватаниги гьеле гьединаван. Гьелдалъун нижер хIукму ккана щибго тIаде жубачIого яги тIаса бахъичIого, цебеккун къватIире риччарал томалго гIадин, гьаб томги басмаялде балагьизабизе. Хадусеб, анцIила цоабилеб томги, иншаАллагь, исанаго щвела ножохъе, хириял аварал»,** — ин хъвалеб буго цеберагIиялда.

Бокьилаан ГIадаллода тIаса хъвадарулел бахIарзаз тIехьги цIалун загьир гьабизе жидерго пикру. «Миллаталъ» бокьараб пикруялъе кьела бакI тIехьалда, творчествоялда, мухIканал хIужжабазда хурхун загьир гьабулеб бугони.

ТIехь хIажатав чияс ахIе нижехъе, газеталда бихьизабураб номералда.

◆ ГъазимухIамад ГЪАЛБАЦIОВ

КОММУНИЗМ

Байбихьи цебесеб номералда

– ГIазаналагьха гьеб мехалда, – ян абуна Суфий Магаца. - АссаламугIалайкум.

– Цо рахъалъ, – илан абуна Свирепый Магаца, – гьесул ургьив запасалъе вугев инопланетянин къватIиве вахъани нилъее кIиго инопланетянин щвезехъин вуго… Цойгидаб ракъалъ босани гьабсагIат нилъехъе щун вугев инопланетянинас щиб гьабилебали лъалеб гьечо нилъеда…

– Бегьуларо, бегьуларо гьесул чохьонив запасалъе вугев чи къватIиве вахъизе! – ян ахIдезе лъугьана Суфий Мага. – ГIазаналагьха… АссаламугIалайкум.

– Дур нухмалъяилда гъоркь букIинарищха, дудаса гIакъилав чиги анив гьечIевлъидал…

– Мун вукIинчIевани гIадада хварал чагIи рукIана ниж…

Гьединан Свирепый Магае рецц–бакъ гьабизе лъугьана киналго. ТIаде вахъун вачIана гьанжеги Аналгин Мага:

– Дида лъала, Свирепый Мага мун рецц–бакъ бокьулев чи гуревлъи, амма гьаб бакIалда абичIого яхI гьабизе кIвезехъин гьечIо. Дудаса жо бажарулевги, дудаса гIакълу–лъай бугевги чи жегиги дида, гьалеха чан сон балеб бугеб, данд чIвачIо. КъапIараб къагIидаялъ абулеб буго дица.

– Живго гIемераб жоги лъалев, гIемераб жоги цIаларав чи вукIин лъалеб бугониги вуцIцIун чIун вукIана Суффикс Мага. КIалъачIого жив ворчIуларевлъи бичIчIулеб букIана гьесда, амма киналго риххизабулеб, киналго гIажаиблъи гьабизе тIамулеб пикру бачIунарого букIана. БачIана гьединаб пикру, талихIалъ.

ТIаде вахъана Суффикс Мага. Киналго рагъа–рашарана гьев тIаде вахъингун, цо–цо рагIи рехизе лъугьана гьел:

– ЧIая, цо гIенеккея…

– Гьасда лъала щиб гьабизе кколебали…

– ЦIалдарав чи вугин асухъ гIенекке цо…

Киналго гIодоцинегIанги чIун кIалъана Суффикс Мага:

– Дица гьадинаб суал лъолеб буго дидаго цебе… Пятилетакал ургьив вугев чи, нилъеда ватарав запасалъе вугев чи кваналев чидай кваналарев чидай? Гьев чи кваналарев чи ватани бигьаяб суал буго… Кваналев чи гьев ватун хадусала нилъеца Пятилеткае кьолеб квен кIиго нухалъ цIикIкIинабизе ккела… Дица расги хIинкъичIого абилаан гьаб бакIалда, Пятилеткае квен кIиго нухалъ цIикIкIун кьезе разиял ругилан кверал эхеде рорхеян…

Гьединги абун Суффикс Мага гIодов чIана. Киназго кверал эхеде рорхана.

– БитIараб бугоха…

– ЦIаларав чиясда жо лъала вац, лъица–щиб бицаниги…

– Запасалъе вугев чи вакъун тезе бегьиларо…

– БитIараб буго, – ян разилъана Свирепый Магаги. – Гьадинаб жоялъулги хIисаб гьабизе ккола нилъеца… Запасалъе цадахъ вачарав чи вуго Пятилеткал чохьонив… Гурищха? Чохьонив гьев ватани щиб гьесие квине данде кколебалиги хIисабалде босизе ккола нилъеца… Гьелда ургъе нуж.

– ГIемер ургъизе жо гьечIо гьениб, – илан абуна Аналгин Магаца, – бакIвали кьезе ккола гIемер квине…

– БичIчIана, – ян абуна Свирепый Магаца, данделъиги къалаго, – жакъа цере лъун рукIарал масъалаби тIарана нилъеца. БичIчIана Шусонов Пятилеткал ургьив цойгиги чи вукIин. Гьелдаго цадахъ нилъеца тIаде босулеб буго Пятилеткада, зама–заманалдасан, гьоркьоса къотIизе течIого бакIвали квинабизе. Гьединго тIаде босулеб буго, дир нухмалъиялда гъоркьха, Пятилетка цIунизеги. Гьеб хIукмуги гьабун нилъеца жакъасеб данделъи къалеб буго.

Гьединги абуна Свирепый Мага гIодов чIана.

– Нухмалъяилда гъоркь букIинарищха, дудаса гIакъилав чиги анив гьечIевлъидал…

– Мун вукIинчIевани гIадада хварал чагIи рукIана ниж…

Гьединан Свирепый Магае рецц–бакъ гьабизе лъугьана киналго. ТIаде вахъун вачIана гьанжеги Аналгин Мага:

– Дида лъала, Свирепый Мага мун рецц–бакъ бокьулев чи гуревлъи, амма гьаб бакIалда абичIого яхI гьабизе кIвезехъин гьечIо. Дудаса жо бажарулевги, дудаса гIакълу–лъай бугевги чи жегиги дида, гьалеха чан сон балеб бугеб, данд чIвачIо. КъапIараб къагIидаялъ абулеб буго дица.

ГIуцIарухъанлъиялъе дулъ бугеб гьунаралъул бицинего бицинаро. Дуца гIуцIараб буго гьаб фирмаги, гьалдаса лъикIаб фирма, гьале гьавгощинав чи вуго, балагьеха цойгиги бугеб батани. ГьечIо. КъапIабараб къагIидаялъ гIёуцIун буго аб. Дида ракIалде ккола жакъалъагIан гьабураб хIалтIухъги, нилъее инопланетянин валагьаралъухъги Свирепый Магае цо памятник бан лъикIилан. Нилъеда тIадаб буго гьеб памятникалъе какал разеги. Нилъеда цеве вугев Свирпый Мага, гьев инсан гуро гьев, гьев вуго малаик. Дида киданиги кIочонаро данде вахъарав чиясул бох гьес кколеб букIараб куц! КъапIараб къагIидаялъ кколеб букIана бох!. БатIияб жоялъул щибизе бицинеб?

Аналгин Мага гIодов чIана.

ЦIидасан тIаде вахъана Свирепый Мага:

– Данделъи къалеб бугилан абулеб мехалда дун дагьав гIедегIун ватана. КIочон тун батана цойгиги гьоркьоб лъезе кколеб суал. Нилъеда лъанаха Пятилеткал ургьив цойгиги чи вукIин. Кин гьеб лъараб? Гьеб лъана Аналгин Магаца бихьизабураб бажариялдалъун. Дида ракIалде ккола гьесие цо сайигъат–салам кьуни нилъ мекъи ккеларилан.

Киназго тIадеги рахъун хъат чIвана. Свирепый Магаца кьабун кверги бачун Аналгин Магада абуна:

– Баркала буго дуе Аналгин Мага. Дида киданиги кIоченаро дуца гьабураб иш. Гьале дуе компаниялъул рахъалдасан сайигъатги.

Свирепый Магаца кабинеталъуб полкалда рукIарал тIахьазда гьоркьосаги бахъун Аналгин Магае сайигъат гьабуна МухIамад Гунащевасул рокьул кучIдузул тIехь. ЦIидасан хъат чIвазе лъугьана хутIаралщинал. РакI тамахлъун, берал риччана Аналгин Магал. КIалъазецин кIвечIо гьесда.

– Нужееги баркала, – ян абуна Свирпеый Магаца жиндирго заместителазда, – гьанже ине бегьила… Амма лъазабулеб бугоха, воре кьвагьдечIого чIоге! БичIчIана гури.

Жегиги киналго заместителал къватIире лъугьун рахъун рукIинчIо кабинеталъуб хIакимзабазул букIунеб нахъа рокъоса къватIиве ваккун вачIана Пятилетка Шусонов. Бензадул махIги бахъинабун ШайтIан жанибе бачIараб гIадин гIажаиблъи гьабун хутIана киналго.

– АссаламугIалайкум, – илан абуна Пятилеткаца, жаниве вачIине бегьилебдай бегьилародаян пикрабалъ вугев гIадин нуцIида нахъаго чIун. – Дун кутакалда вохxарав вуго гьалмагъзаби нуж данделъун рукIиналдаса…

КъватIире унел рукIарал киналго заместителал тIад руссана. Шусонов Пятилеткаги вачIана столалде аскIовегIан.

– Так… – илан абуна Свирепый Магаца. – ТIад руссая цо, гIодор чIая… Цойгиги нухалда нилъеца къотIараб хукму мухIкан гьабилин авги вугеб бакIалда…

Киналго жиде–жидер бакIазда гIодор чIана. Пятилетка гIодов чIана Суфий Магал бакIалда. Суфий Мага гIабдал гIадин эхетун хутIана. Цин бусурбабазул къагIидаялъ роцукье махIабиги риччан чIарбидаго гIодов чIезехъин вукIана гьев, хадубги лъица бугониги жингдаго тIад хIетIе чIчIелин хIинкъун Свирепый Магаца щибилан абулебали бихьизе гIенеккун чIана. Свирепый Магаца гьев бакI босизе витIана:

– Саляда абе цо бакI кьейилан…

Суфий Мага къватIивехун ана, секретаршаялда, Саляда бакI кьейилан абизе. Гьев тIад вуссун вачIинегIан щивниги кIалъачIо; киналго чIинкьун ралагьун чIун рукIана Пятилеткахъ. Божуларого рукIана гьел Шусоновасул ургьив цойгиги Шусонов вугилан абураб пикруялда. «Гьадиналго гIундул гьитIинав Шусоновасулги ратани гьев кин къватIиве вачIунев?» – илан цого пикру букIана заместиттелазул бутIрузда жаниб.

Жаниве вачIана Суфий Мага бакIги босичIого.

– Щиб ккараб? – илан гьикъана Свирепый Магаца.

– Вуй, извините – илан абуна Саляца… АссаламугIалайкум.

– БакI кибеха араб?

– БакI кьейилан кинха абилеб чай гьекъолей йигей гIаданалда… АссаламугIалайкум.

«BORTSUHA M» компаниялда билъун араб гIадат букIана Саляца чай гьекъолеб мехалда гьелда чи кIалъалареб. Секретаршаялъ чай гьекъолеб мехалда гьаракь бахъинаредухъ малъалда хьвадулаан гIадамал доре–анирехун. Гьединаб гIадлу чIезабун букIана Свирепый Магаца. ХIалтIулев чиясе квал–квал гьабизе бегьулароан. Кьвагьделев вугев компаниялъул хIалтIхъанасдаги кIалъазе бегьулароан, чай гьекъолей йигей секретаршаялдаги кIалъазе бегьулароан.

– Саляца чай гьекъон бахъинегIан чIезе ккелаха… – ян абуна Свирепый Магаца Суфий Магахъги валагьун.

– Рес щиб Аллагьас адин хъван бугелъул, – илан абуна Суфий Магаца. – АссаламугIалайкум.

Хадуб Свирепый Мага валагьана Пятилеткахъ.

– Жакъасеб данделъиялда нижеца гьадинаб хIукму гьабуна Пятилетка… Дур бугеб ахIвал–хIалги лъан мун цIунизе хIукму гьабуна…

Пятилетка иргадал киналниги заместителазухъ валагьана, жиндаго нахъа эхетун вугев Суфий Магахъцин валагьана. БичIчIана гьесда тIадеялдаса тIаде жиндирго даража борхулеб букIин ва гьабсагIаталда жиндица цо шиб бугониги жо абизе кколеблъи. Амма Пятилеткада бичIчIуларого букIана жиндир бугеб ахIвал хIал азда кинан лъарабали. «КIаланчIадги азда йихьичIо, жакъа жиндир хIалтIи анлъгоялда лъугIулин абулеб мехалда аскIов чиги вукIинчIо… Кисан лъазе кколеб азда дир бугеб ахIвал–хIал?»

– ЛъикIаб хIукму гьабун буго гьалмагъзаби нужеца… – ян абуна Шусонов Пятилеткаца. – Дун гьеб хIукмуялдаса гIорхъулъа ун вохxарав вуго. Амма бичIчIулареб жоги бугоха эниб… Мисалалъе босилин, рокьи кколарев чи вукIунаро. Нуже–нужерги букIунеб жо буго эб. Гьединго дирги букIинарищха, чIагояв чилъидал. КигIан цIакъ коммунистасда рекъечIеб рагIи бугониги абизе кколеб буго, рокьи ккана дир КIаланчIадихъ, битIараб буго. Нужее кIудияб баркалаги буго дир бугеб ахIвал–хIал бичIчIаралъухъ. Амма бижулеб буго цо суал: сундаса дун цIинизе хIукму нужеца гьабураб?

Свирепый Магаги цадахъ киналго заместителалги гIадаллъизе дагьаб жо хутIана. ТаргIида жанире рехарал мугьал гIадин кIанцIелел рукIана гьезул ботIрода жанир пикраби.

Свирепый Магал ботIрода жаниб гьел мугьал гIемералцин рукIана, къватIибе гьаракь бахъинедухъ кIанцIелел рукIана гьел. «Гьас бицунеб щиб? Кинай КIаланчIад? Кинаб рокьи? Жиндир рокьи ккун бугилан абулев вугев чиясдаги божичIого кин вукIинев? Асул дунялалдагидай рокьи букIунеб? Асул рокьи кинабдай букIунеб? Асул ургьиб лъимер бугилан гаргадилел тохтурзаби, КIаланчIадихъ рокьи ккун бугилан ав… Асда жиндаго ургьиб лъимер букIин лъачIого букIине ресги гьечIо… Асие бокьун батизе гьечIо ургьиб лъимер букIин нижеда лъалеб батизе.

Ленинкенталда ав женжедилев вугеб мехалда «БагIараб байрахъиш» доб, «ХIакъикъатиш» добали, гьадаб газеталда рокьул хIакъалъулъ хъвараб жодай асда батараб?» Свирепый Магал ботIролъ женжедилел ругел цониги мугьалъе жаваб букIинчIо. Заместителазулин абуни кIал гьакIкIазе кIолев чиго хутIичIо, бакI–бакIалда гIетIцин кIанцIана гьезул.

– Нижеда ракIалде ккана Пятилетка мун сундсаго цIунизе, – ян абуна Свирепый Магаца. – Гьадинаб ахIвал–хIалалда чи вугеб мехалда компаниялъул ихтияр букIунаро кумек гьабичIого… ТIутI рештIине теларо нижеца дуде, гьури чIвазе теларо, дур бокьараб къваригIел тIубазе щвани гьелдаса разияб жо гьечIо нижее…

– БитIараб буго…

– ЧIор гIадаб рагIи… – ян лъугьана заместителал.

Дагьа–макъабго рухI речIчIарав гIадин лъугьана Суффикс Мага. Гьев тIадецин вахъана.

Хадусеб букIине буго

ГIунтIизабураб гIайибги гьечIони, больницаялдаса нахъе щай виччаларев?

(гьедин гьикъулеб буго полициялъулазда лъукъарав Русланил гIагарлъиялъ)

◆ Закир МУХIАМАДОВ

Гьал къоязда МахIачхъалаялда хасаб операциялъулъ лъукъарав МухIамадов Руслан полициялъулаз больницаялдаса нахъе виччалев гьечIо. Гьесде гIунтIизабулеб гIайибги гьечIо. Полициялъулаз гIагарлъиялда абуна хасаб операциялъул нугIлъун кканин гьев, амма гьесухъа сурав босун хадувги нахъе виччалев гьечIо. Гьелда бан Русланил гIагарлъиялъ травмотологияб больницаялда цебе митинг тIобитIана.
Гьенир гIахьаллъаразул букIана цо гьари – МухIамадов Руслан больницаялдаса нахъе виччайин абураб.

20 сон барав МухIамадов Руслан травмотологиялде 12 июлалда ккана. Гьев лъукъана хасаб операциялда – гьедин абулеб буго низам цIунулезул хIалтIухъабаз. МухIамадовасул гIагаразни рикIкIунеб буго полициялъулал мекъи кьвагьдон ругин Русланиде, амма жидехъа ккараб гъалатIалъе мукIурлъизе бокьун гьечIинха гьезие. 12 июлалда Ярагъиясул къотIноб гьабуна хасаб операция. **Гьев больницаялдеги щвезавун гьечIо. Гьев сах гьавулев тохтурас абуна дида Руслан лъавуде вачIинавулаго жиндир бащдаб сагIатниги анилан. Хасаб операция лъугIун буго къад сагIат кIиго тIубайдал, гьенив лъукъарав нижер вас больницаялде щвезавун вуго къаси сагIат ичIго тIубарабго. Гьебщинаб мехалъ щайдай бид вецIцIулев вас полициялъулаз тохтурзабазухъе щвезавичIого тарав? Гьесие гIакъуба кьолел рукIун руго гьел гьеб анкьабго сагIаталъ.**

Гьенив чIвана изну гьечIого яргъид гIуцIаразул цояв. Хасаб операция байбихьилалде гьеб къотIнов Руслан вукIана цадахъ цIалулев вукIарав васгун. Изну гьечIого яргъид гIуцIаразда гъорлъ вугилан, полициялъ халккун букIун буго гьесда хадуб. Цоцазул кверал рачун гьел жидерго нухдасан унеб мехалъ байбихьун бугин хасаб операцияйин бицана «Миллаталъе» Русланил эбел МухIамадова Загьраца:

— Руслан тукаде лъим босизе ун вукIана. Полициялъулал кьвагьдезе лъугьиндал, Руслан хехго гIодов вегун вуго. Дов цояв вас чIван вуго. АскIореги рекерун низам цIунулез кIицIул речIчIун буго Русланида. Гулла щун буго кваранаб бохалдаги мачIчIалдаги. Гьенисан гьез гьев полициялде вачун вуго. Васас бицана квешго вухун, жиндие гIакъуба кьунин, хIакъир гьавунин. Жинца гьабичIел такъсиразе мукIурлъизе тIамулев вукIанин. Гьенив гьев лъавудаса ун вуго. Гьелдаса хадув гурони

! Следователь вачIинегIан эбел йиччана Руслан вегараб палатаялде. КъватIий ячIиндал гьелъ гIодулаго бицана жиндир васасе хехго операция гьабизе кколин, гьесул цIакъ квешаб хIал бугилан.

Жиндир заманалда тохтурзабазул кумекги щвечIого бидул 2,5 литра чваххун буго Русланидаса. Сакъатлъиларедухъ операция гьабизе ккола гьесие. Амма гьединаб операция гьабулел тохтурзаби Дагъистаналда гьечIо. Гьединлъидал гIагарлъиялъ хIукму гьабуна Руслан гьединал тохтурзабазухъе вачине. Амма полициялъулаз гьелъие изну кьолеб гьечIо. МухIамадов Руслан вегараб палатаялде эбел-эменцин риччачIо гьез 50 къоялъ.

КинабгIаги гIайибги гIунтIизабичIев гьев больницаялда чIезави ихтиярал хвезари кколарищин абулеб буго Русланил гIагарлъиялъ. НугI ватани, гьесухъа росизе кколел баяналгIаги щайдилаха росулерел. Гьедин абулеб букIана гьез митингалда.

Митингалде рачIаразул щуго-анлъго вакилги журналисталги ана травматологияб больницаялъул бетIерав тохтурасухъе. Амма гьев унтаразул хал-шал гьабизе анин абуна хъаравулас. Жал гьев тIадвуссинегIан чIелин абуна Русланил гIагарлъиялъ. Гьеб мехалда больницаялде жаниве вачIана полициялъул къоло хадув хIалтIухъан, гьезда хадур рекерун рачIана митингалъул гIахьалчагIиги. Больницаялдаса къватIире лъугьаян лъазабуна полициялъулаз. Амма гIадамаз гьезухъ гIинтIамичIо. Гьеб мехалда полициялъулал лъугьана киналго къватIире гъезе. Ккана кIудияб гъалмагъир.

Гьелъул суратал рахъулев вукIарав «Черновик» газеталъул корреспондент Руслан ГIалибеговги «Дагъистаналъул улбул» абураб инсанасул ихтиярал цIунулеб гIуцIиялъул хIалтIухъанги рачун ана полициялъулаз. Гьел нахъе риччана кIиго сагIаталдасан. Митингалда рукIанщинал гIадамал больницаялда жаниса къватIире гъуниги, гьелъул азбаралъуса киренигн инчIо гьел.

Цо заманалдасан МухIамадов Русланил гIагарлъиялде аскIове вачIана полициялъул хIалтIухъан. Гьес жиндир цIар бицинчIо. Русланихъе следователь вачIине вугин, гьелдаса хадуб кинабгIаги квал-квал букIинарин гьев больницаялдаса вачинеян абуна гьес.

Следователь вачIинегIан эбел йиччана Руслан вегараб палатаялде. КъватIий ячIиндал гьелъ гIодулаго бицана жиндир васасе хехго операция гьабизе кколин, гьесул цIакъ квешаб хIал бугилан.

КватIичIого тIаде щвана следовательги, росана баяналги, амма гIагаразда кIвечIо гьев больницаялдаса нахъе вачине. Полициялъулаз гьесухъе гIагарлъи биччалеб гьечIо, гьелъие кинал гIиллаби ругелалиги бицунеб гьечIо.

ДРялъул МВДялъул пресс-хъулухъалъ гьеб лъугьа-бахъиналда хурхун щибниги бицинчIо.

Русланил гIагарлъиялда ракIалда буго Дагъистаналъул МВД судалде кьезе. Гьез рикIкIунеб буго полициялъулаз ккезавунин Руслан квешаб хIалалде.

Гьаниб ракIалде щвезабизе бегьула дагьав цеве Россиялъул цIех-рехалъулаб комитеталъул нухмалъулев Бастрыкин Александр дандчIвана гIадамазе гIакъуба кьей нахъчIвазе гIуцIараб Европаялъул комитеталдаса къокъаялъул нухмалъулев ХIусенов ЛатIифгун.

Гьез бицана Шималияб Кавказалда низам цIунулел идарабазул хIалтIухъабаз гIадамазе гIакъуба кьеялъул хIужабазул.

Северияб Кавказалъул республикабазда ругел цIех-рехалъул комитетазул нухмалъулезда Бастрыкиница лъазабуна гьел хIужабазул мухIканго хал гьабеян.

Бастрыкиница гьединго абуна гьел хIужабазда гьоркьоса бищун вахIшиязул хал гьабизе мобилиял хасал къокъаби гIуцIизе ругиланги.

ХIурматиял «Миллат» газеталъул цIалдолел!

Редакциялъ хIукму гьабуна иргадулал номеразда, гIадатлъун лъугьараб нилъер «СанагIат гьечIел суалал» рубрикаялъе магIарулазул районазул бутIрузулгун гарачIвариял гьаризе. Гьел рукIине гьечIо хIукуматалъул газетазул форматалда, хIакимзабазе рецц гьабулел хъвайхъвагIаял. Нижеца санагIат гьечIел суалал кьезе ккани ва хIакъикъат рагьизе бокьун батани, гIахьаллъе гьеб ишалда гьоркьор нужги. Нижеда киналго районазда ругел гIунгутIаби лъачIого хутIизе рес буго. Районазда ругел гIунгутIабазул, гьезул цо-цоязул санагIат гьечIел ишазул хIакъалъулъ суалал ритIе редакциялде. Гьебго къагIидаялъ суалал ритIизе бегьила магIарулазул политикаазухъе, министразухъе, депутатазухъе, машгьурал чагIазухъе, щиб пишаялъул гьел ругониги. Гара-чIвариял кьезе руго СМСалдалъун ва электронияб къагIидаялъ почтаялде рачIарал суалазул къадар хIисабалде босун. Гьелго суалал лъезе руго нижеца газеталъул микьабилеб гьумералдаги.Гара-чIвариялъе инкар гьабурал нухмалъулезул ва гьезул хIалтIул рахъалъ редакциялъ районазде ун халкъгун дандчIван кьезе руго макъалаби. Гражданияб жамгIиятги ихтиярал цIунулеб пачалихъги хIакимзабаца гьабулеб жо гуро, гьеб бачIуна халкъалъухъа, гьеб гIуцIизе нилъеда кIвани ахир лъола ришватазеги, коррупциялъеги, халкъалда гьикъичIого тIамулеб тIалъиялъеги ва гIемерал цогидал гIунгутIабазеги. Нилъер цоцаздехун бухьен ва цIогьодулев чиновникасе кьолеб битIараб суал букIине буго гражданияб жамгIияталъул кьучIалъе лъураб тIоцебесеб гамачIлъун. Аллагьас тавпикъги ияхIги кьеги нилъер щивасе хIакъаб рагIи абизе ва унтараб нилъер ватIан лъилъизабизе.

Нижехъе суалал ритIе гьаб адресалда:

ул. Шоссе аэропорта, 19 А
з-й этаж
редакция
газеты «Миллат»,
ялъуни электронный адрес:
bisav@mail.ru

тел.: 8-905-476-56-65

Васалам.



"Ночные волки" абураб гIолилазул гIуцIиялъ тIобитIараб 16 абилеб фестивалалда гIахьаллъана Россиялъул ХIукуматалъул нухмалъулев Владимир Путин.

Мадридалъул "Реал" командаялъул бетIерав тренер Жозе Моуриньюца инкар гьабуна МахIачхъалаялъул "Анжи" командаялъе. "Анжиялъ" португалияльулаcе кьолеб букIана лъагIалие 25 млн. евроялъул багьаяб контракт.

Машгьурав актер ва режиссер Иван Охлобыстиница загьир гьаруна улкаялъул президентлъиялда хурхун жиндир ругел къасдал.

2012 абилеб соналъул президентасул рищиязда гIахьаллъизе ракIалда буго гьесда.

Чачаназул гIурус-Мартан районалъул Гъойти росулъа Кеси Коруевалъул паспорталда хъван рагIула 1895 соналъ гьаюнин. Пачалихъалъул архивалъул бихьизабиялда рекъон, Коруева гьаюн йиго 1884 соналъ. Архивалъул бихьизабиялда рекъон гьелъул гIумруялъул буго 127 сон.

Гьумер хIадур гьабуна ПатIимат МахIмудовалъ.

МИЛЛАТ «МИЛЛАТАЛДА» КIАЛЪАЛЕБ БУГО

«Миллат» газеталъул гIакълучагIилъун КIудияв гIумаханги, имам Шамилги, гIабдурахIман Даниялов теялдаса гIакъилаб пикру букIине рес гьечIо, чIагоял церехъабазул божизе бегьулев чи чан вугев жакъа?

8928 … .. 17

Общественнияб палатаялъул цевехъан ХIамзат ХIамзатовас рагIи кьун букIана «Миллат» газеталдаса августалда Хьаргабибе бахъараб нух лъугIизабилин, гьеб суал гьесие нахъойги кьезе бегьуларищ?

8938 … ..49

Советияб заманалъул коммунизмалъул рагIадцин нилъее щвечIо, гьаб «Миллаталда» баккараб ГъалбацIовасул «Коммунизмалдаса» кида нилъ эркенлъилел?

8989 … .. 60

«Миллаталъул» мухбирзаби, нуж миллаталъул тIалаб гьабулел чагIи ратании цо Шамилхъалаялде ракке бугеб ахIвал-хIал бихьизе

8928… .. 10

БисавгIалиевасул санагIат гьечIел суалал рихьулел гьечIо «Миллаталда», цересел хIакимзабазе битIараб къор бихьун цIодорлъун ратила хадусел

8988 … .. 21

«Миллат» газеталъ праймериз абураб рагIи щибали бичIчIизабуна, бокьилаан гьанже правительство, мэрия, районалъул администрация щибулел бакIал кколел бичIчIизабуни

8928 … .. 79

Нужеца какун ццин бахъарал хIакимзаби тIадеги цIикIкIун цIогьодула, рецциз хIалбихье нечолищали. Щиб лъалеб нечон халкъалъе гIарац бикьизе байбихьизе рес буго.

Хьиндалав.

Аваразул церехъабазул рейтинг лъазе цIехрех щай гьабулареб «Миллат» газеталъ?

Бищунго къадруялда щив вугевали лъазе

8909 … ..17

Т. 8-905-476-56-65

Лъазаби

«Миллат» газета босизе бегьула щибаб магIарулазул райцентразда почтабазул отделениязда, МахIачхъалаялда «Октябрь» кинотеатралда цебе бугеб киоскалда, Буйнакскиясул къотIноб, вокзалалде щолеб бакIалда бугеб газетал ричулеб тукада, автостанциялда.

Яльуни ахIе тел.:

8-905-476-56-65, 8-988-261-85-25.

ГIагараб заманалда тIибитIизабизе буго почтаялдаса ва Россспечаталъул киосказдаса.

«Миллат» газета цIализе бегьула интернеталдасан **www.maarulal.ru ; www.millat.ru.**

«Миллат» газеталъе хIажат руго лъикIго авар мацI лъалел ва компьютералда хIалтIун бажарулел **корреспондентги** газета биччалев **редакторги**. Харж кьезе буго контракталда рекъон. Т.: **8 905 476 56 65.**

Имам ГъазимухIаммад шагьидлъараб бакI

МАГIАРУЛАЗУЛ ГАЗЕТА
Миллат

Учредитель:
Журналистский коллектив редакции

Главный редактор:
Магомед Бисавалиев

тел: 8-905-476-56-65

Редколлегия:
Зульфия Гаджиева
Газимагомед Галбацов
Патимат Гитинова
Закир Магомедов
Патимат Махмудова
Гамзат Дарбишгаджиев

Редакционный совет:
Умахан Великий
Имам Шамиль
Абдурахман Даниялов

Адрес: ул. Шоссе аэропорта (Каммаева) 19а. тел: 69-60-03
E-mail: millat@gmail.com

Газета зарегистрирована управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи и массовых коммуникаций по РД.
Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ 5-0105 июль 2011 г.

Газета отпечатана в ООО «Лотос», ул. Пушкина, 6.
Заказ № _____ Тираж 3000 экз.